

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieu bab diébréhkeun kacindekan tina hasil panalungtikan. Dumasar kana éta kacindekan, dipedar ogé sababaraha saran anu aya patalina jeung judul panalungtikan.

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data dina bab IV, hasil ieu panalungtikan bisa dicindekeun yén kamampuh nulis sisindiran siswa kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh dilarapkeunana modél pangajaran *concept sentence* masih aya dina kritéria can mampuh. Skor rata-rata siswa nyaéta 63,2. Dumasar hasil analisis data, tina 34 urang siswa, kakara 5 urang anu geus aya dina kritéria mampuh nulis sisindiran.

Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2013/2014 sabada dilarapkeun modél pangajaran *concept sentence* geus aya dina kritéria mampuh. Skor rata-rata siswa nyaéta 80,6. Dumasar hasil analisis data, tina 34 urang siswa ukur 5 urang anu masih aya dina kritéria can mampuh nulis sisindiran.

Kamampuh nulis sisindiran siswa saméméh jeung sabada dilarapkeun modél pangajaran *concept sentence*, tétéla hasilna ngaronjat. Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh dilarapkeun modél pangajaran *concept sentence* masih aya dina kritéria can mampuh, sedengkeun sabada dilarapkeun modél pangajaran *concept sentence* kamampuh nulis sisindiran siswa ngaronjat, jadi aya dina kritéria mampuh. Ngaronjatna kamampuh nulis sisindiran siswa sabada dilarapkeun modél pangajaran *concept sentence*, katitén tina ayana parobahan skor rata-rata siswa tina hasil *pretest* jeung *posttest*, nyaéta tina 63,2 jadi 80,6. Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas X IPA 1 SMAN 9

AI ROHATI, 2014

*Modél pangajaran concept sentence Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran*  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh dilarapkeun modél pangajaran *concept sentence*. Ieu hal dumasar kana uji hipotésis anu ngahasilkeun  $t_{itung} > t_{tabel}$  nyaéta  $12,90 > 2,45$ , hartina hipotésis ditarima. Jadi modél pangajaran *concept sentence* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran siswa kelas X SMAN 9 Bandung taun ajaran 2013/2014.

## 5.2 Saran

Sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan anu dijudulan *Modél Pangajaran Concept sentence pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sisindiran (Studi Kuasi-Eksperimén ka Siswa Kelas X IPA 1 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2013/2014)* aya sababaraha saran anu patali jeung ieu panalungtikan nyaéta, dumasar hasil panalungtikan, modél pangajaran *concept sentence* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran, ku kituna modél pangajaran *concept sentence* bisa dijadikeun alternatif dina nepikeun pangajaran nulis sisindiran pikeun ngajembaran deui modél pangajaran anu geus aya.

Saupama modél pangajaran *concept sentence* rék dilarapkeun dina pangajaran nulis sisindiran, aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun nyaéta guru kudu kréatif dina néangan kecap galeuh anu luyu jeung materi pangajaran nu rék ditepikeun, sarta kecap galeuh anu dipilih kudu kecap-kecap anu bisa dimekarkeun deui ku siswa kana wangun kalimah atawa paragraf. Guru kudu ngabagi kelompok siswa sacara hétérogén sangkan siswa bisa silih bantuan.

Ieu panalungtikan ngagunakeun metodé kuasi éksperimén, ku kituna perlu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan ieu modél, dina pangajaran nulis anu leuwih jembar.